TARIRO YANHASI

CHITSAUKO 47

MWARI WEKUMUSORO SORO

Kune zvinamato zvakawanda panyika pano. Tingati here zvinamato izvi zviri kutevera gwara rakanaka? Vamwe vanhu vanoti hongu tese tiri kuenda kunzvimbo imwe chete. Asi vese vangave vari kutevera gwara rakanaka here? Chokwadi ndechekuti vese havangavi mugwara rakanaka. Pangave here nechimwe chinamato chiri mugwara rakanaka? Hongu, pane chinamato chimwe chete chiri mugwara rakanaka. Chinamato chinotora zvachinotenda nekuita kubva Mushoko Dzvene RaMwari ndicho bedzi chinogona kuva mugwara. Handizi hangu kuti unotenda here kuna Mwari mumwe chete wechokwadi. Pamwe hako hautendi asi rega nditi unogona hako kutenda maari kana uchida.

Chinamato chisingabvi kuna Mwari hachigoni kuva chinamato chechokwadi. Chinamato hachiite chechokwadi zvichibva pakuti iwe unobva kumhuri ipi. Hazvinei nekuti iwe unogara kupi. Zvinokosha kuti uve nehukama hwakanaka naMwari. Chidzidzo chanhasi chinobva muna Genesi 14:17-24 chiri pamusoro paMWARI WEKUMUSORO SORO. Chichakubatsira kuti uzive chinonzi hukama hwakanaka naMwari. *17. Shure kwokudzoka kwaAbramu akunda Kedhoraomeri namadzimambo akanga akabuda kuti azosangana naye muMupata weShavhe (ndiwo Mupata waMambo) 18. Ipapo Merikizedheki mambo weSaremu akamuvigira chingwa newaini. Akanga ari muprista waMwari wokumusoro- soro. 19. Uye akaropafadza Abramu, achiti, "Abramu ngaaropafadzwe naMwari wokumusoro-soro, Musiki wedenga*

napasi. 20. Uye Mwari wokumusoro-soro ngaakudzwe, akaisa vavengi vako muruoko rwako." Ipapo Abramu akamupa chegumi chezvinhu zvose. 21. Mambo weSodhomu akati kuna Abramu, "Ndipe vanhu uzvichengetere hako pfuma." 22. Asi abramu akati kuna mambo wesodhomu, "Ndakasimudzira ruoko rwangu kuna Jehovha, Mwari wokumusoro-soro, Musiki wedenga napasi, uye ndakaita mhiko. 23. Kuti handingazogamuchiri chinhu chako, kunyange rushinda kana rukanda rweshangu, kuti urege kuzoti, 'Ndakapfumisa Abramu' 24 Handina chinhu chandinogamuchira kunze kwezvakadyiwa navanhu vangu uye mugove wanhu vakaenda neni, aneni shikori naMamure. Ngavatore mugove wavo ivavo."

Zvino mashoko aya mashoko anonakidza zvikuru anobva muBhaibheri. Mundima idzi tinowana MHINDURO mbiri dzakaitwa dzinoratidza zvakazara kuti chokwadi Mwari ndiMwari wekumusoro-soro. Kutaurirana kwakaitwa naMambo wekuSodhomu ndiwo matauriro chaiwo anoitwa nemutongi. Akaenda kundosangana naAbramu adzoka kubva kwaakange aenda kunotevera madzimambo akange apinda munyika make. Pane kupambwa kwakange kwaitwa nyika. Chitsauko 14 chinotanga chichiti:

1. *Panguva iyoyo Amuraferi mambo weShinari, Arioki mambo weErasa, Kedhoraomeri mambo weGoyimi 2.Vakaenda kundorwa naBhera mambo weSodhomu, Bhirisha mambo weAdhima, Shinabhi mambo weZebhoimi uye namambo weBhera (ndiro Zoari) 3. Madzimambo ose aya akabatana pakurwa muMupata weSidhimi (ndiro Gungwa roMunyu).*

Paunoverenga unonzwa kuti Madzimambo ekumusoro akaparadza Sodhomu akatora Roti mwanakomana wemunun'una waAbhurama vakumuita nhapwa. Abramu nevanhu vemumba make maive varanda vake vakabatana nemadzimambo matatu avaive vakavakidzana navo vakavatevera. Vakakwanisa kununura Roti nezvinhu zvose zvakange zvatorwa nevanhu vose vakange vapambwa. Zvino pakange paoma mutambo mambo weSodhomu akange atiza akanovanda. Mushure mekunge hondo yapera akabuda paaive akavanda akanosangana naAbramu akange adzoka kunorwa hondo uko kwaakange akunda. Mambo weSodhomu akati kuna Abramu, "Ndipe vanhu uzvichengetere hako pfuma." Ini ndotora vanhu, iwe wotora zvinhu.

Ndinoda kuti uone zvakataurwa naAbramu. Abramu akati, *"Ndakasimudzira ruoko rwangu kuna Jehovha, Mwari wokumusoro soro, Musiki wedenga napasi uye ndakaita mhiko kuti handizogamuchiri chinhu chako."* Tarisa uone kumira kwakaita Abramu achiramba kutaurirana kwaida kuitwa namambo weSodhomu. Vanhu vanoda kutaurirana nevamwe vanhu kuti vazviwanire pfuma. Asi Abramu aive munhu akachenjera. Haana kutendera kuti mambo weSodhomu awane kana kamukana kadiki zvako kekuti afunge zvisiri izvo kana kuzvirumidza pane chimwe chinhu chine chekuita naAbramu. Haana kuda kuti panzi pane chimwe chinhu chiduku zvacho chaakaitira Abramu.

Maropafadzo akaitwa naMambo weSaremu aive matauriro emumwe wevanhu vaMwari vakarurama. Tinoona zita rake. Ainzi Merikizedheki, Mambo weKurarama. Hapazve panozotaurwa nezvamambo uyu muTestamende Yekare yese zvayo. Bhuku remuTestamende Itsva ravaHebheru rinomutaura. Asi pano anongouya senyeredzi inobva kudenga yamusingaoni kuti yabva nekupi uye iri

kuenda nekupi. Anongouya munyaya yedu asi hatizonzwi nezvake zvakare. Asi tinoudzwa zvishoma kuti ndiani. Tinoudzwa kuti akange ari muprista waMwari Wokumusoro-soro. Ini ndinofunga kuti aka ndiko kekutanga muBhaibheri patinoudzwa kuti “Mwari Wokumusoro-soro.” Shoko rekuti El Elyon rakashandiswa. Ndimambowo WeSaremu. Ndipo panotanga kutaurwa kekutanga guta remuBhaibheri rinonzi Jerusarema. Pano rinodaidzwa kuti Saremu. Mambo uyu anoropafadza Abramu. Haaedzi kuda kutaurirana naye kana kuda kuwana zvimwe zvinhu kubva kwaari. Anongoti Abramu ngaaropafadzwe naMwari wokumusoro-soro, Musiki wedenga napasi: uye Mwari Wokumusoro-soro ngaakudzwe, akaisa vavengi vako muruoko rwako.

Ipapo ipapo Merikizedheki akaratidza kuti aiziva kuti Abramu aive muranda waMwari. Akanyatsokuzvitaura zviri pachena. Tinoziva zvishoma pamusoro paMerikizedheki asi tinodzidza kubva kwaari kuti kunamata Mwari wechokwadi hakwaigumira pana Abramu. Zvaitopfuura Abramu.

Haufaniri kubva wafanana neni asi iva nechokwadi chekuti uri kushandira Mwari Wekumusoro soro. Hakuna mumwezve. Merikizedheki naAbramu vakanamata Mwari mumwechete. Anova Mwari Wokumusoro-soro. Ichi ndicho chinhu chinonyanyisa kukosha hama yangu. Pane hova yechokwadi chisingapikiswe chinozarurwa naMwari. Mwari vakazvizarura kwatiri kuburikidza neshoko ravo. Vakasimbisa chokwadi ichi mumoyo yezvuuru nezvuuru zvevanhu pasi rino rese. Vamwe vanoda kuedza kutaurirana sezvakaitwa naMambo weku Sodhomu. Vamwe vanoziva mutsauko saka vanouya kunaMwari Wokumusoro-soro sezvakaitwa naMambo wekuSaremu. Zvinokosha kuti uuyewo sezvaakaita.